**Pou Piblikasyon Imedya:** 22/12/2020 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

# GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LABORATWA WADSWORTH TE KÒMANSE RECHÈCH SOU NOUVO SOUCH COVID-19 LA

***Laboratwa Wadsworth te fè patenarya avèk sis lopital nan tout Eta a pou li jwenn echantiyon anplis***

***Jiska prezan, yo administre 50,000 dòz vaksen COVID-19 nan New York***

***Gouvènè a mande lopital yo, mezon retrèt yo ak pèsonèl medikal yo pou yo kontinye vaksinasyon yo pandan sezon fèt la***

***6,661 pasyan entène nan tout Eta a***

***1,126 pasyan nan ICU; 614 nan entibasyon***

***Pousantaj pozitivite nan tout Eta a se 5.89%***

***139 moun mouri akòz COVID-19 nan Eta New York yè***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Laboratwa Wadsworth te kòmanse rechèch agresif pou nouvo souch COVID-19 ki wotman kontajye a ke yo te dekouvri nan Wayòm Ini (United Kingdom, U.K.) an. Deja, Wadsworth te gade deja plis pase 3,700 sekans viris ke yo idantifye nan New York, men yo poko jwenn varyant U.K. a prezan nan nenpòt echantiyon yo. Anplis de sa, Wadsworth ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) a te etabli akò avèk sis lopital ki soti nan Eta a pou yo jwenn echantiyon anplis epi yo ap kontinye fè aranjman avèk lòt lopital pou yo fè menm jan an. Lopital sa yo ki gen akò ki deja an plas yo gen ladan:

- Montefiore
- Memorial Sloan Kettering
- Northwell Long Island
- Inivèsite Rochester (University of Rochester)
- Sant Medikal Albany (Albany Medical Center)
- Lopital Saratoga (Saratoga Hospital)

Gouvènè a te anonse ke jiska prezan yo te administre 50,000 dòz vaksen atravè New York. Eta a te resevwa 630,000 dòz jiska prezan epi li prevwa resevwa yon lòt 300,000 dòz semèn pwochèn lan. Avèk Nwèl la ak Kwanzaa ki ap apwoche a, Gouvènè a te

mande tou lopital yo, mezon retrèt yo, ak pèsonèl medikal yo pou yo kontinye fè vaksinasyon pandan sezon fèt la pou asire ke pasyan mezon retrèt yo ak travayè swen sante ki nan premye liy yo pwoteje pi rapidman posib.

"Varyant U.K. a se yon pwoblèm reyèl - non sèlman yo kwè ke li 70 pousan plis kontajye pase souch avan yo, men genyen yon chans reyèl ke li deja isit la. Yon fwa nou te aprann nouvo varyant sa a, nou te travay imedyatman avèk liy ayeryèn yo pou asire ke nenpòt moun ki anbake nan yon avyon ki soti U.K. pou vini New York teste negatif, men nou bezwen mezi federal epi nou bezwen sa kounye a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou konnen ke viris la nan premye moman yo te anbake nan yon avyon epi li te vini New York soti an Ewòp nan prentan an. Li inekskizab ke gouvènman federal la pa te rive aprann leson sa a epi nou bezwen li fè sa ki entèlijan an epi pou li etabli egzijans tès pou vwayajè ki ap antre Etazini soti nan nenpòt peyi. Pandan tan sa a, se responsabilite nou pou nou entèlijan epi pou nou kontinye lite pou frennen pwopagasyon an. Jis sonje -- lè nou selebre yon fason entèlijan sa frennen fèmti yo. Kidonk pandan tout moun ap prepare pou yo selebre sezon fèt la, jwe wòl pa ou la epi kenbe distans sosyal, pote yon mask epi lave men ou."

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Rezilta Tès yo te Rapòte yo** - 164,868
- **Teste Pozitif** - 9,716
- **Pousantaj Pozitif** - 5.89%
- **Kantite Pasyan Ki Entène** - 6,661 (+330)
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital** - 801
- **Lopital Konte yo** - 55
- **Kantite ICU** - 1 126 (+31)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 614 (+1)
- **Kantite Moun Total Yo Bay Egzeyat** - 96,185 (+406)
- **Moun ki Mouri** - 139
- **Total Moun ki Mouri** - 28,850

Kapasite kabann lopital rejyon an ak kantite moun ki ladan yo, gen ladan kantite pasyan ki entène kòm pousantaj nan popilasyon rejyon an, repati konsa:

| Rejyon | Pasyan COVID ki Atkyèlman nan Lopital nan Rejyon an | Pasyan COVID kòm Pousantaj Popilasyon Rejyon an | Pousantaj Kabann Lopital ki Disponib nan Rejyon an (Mwayèn 7 jou) |
|---|---|---|---|
| Capital Region | 362 | 0.03% | 25% |
| Central New York | 434 | 0.06% | 27% |
| Finger Lakes | 775 | 0.06% | 33% |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Long Island | 1,122 | 0.04% | 25% |
| Mid-Hudson | 776 | 0.03% | 34% |
| Mohawk Valley | 217 | 0.04% | 31% |
| New York City | 2,242 | 0.03% | 29% |
| North Country | 61 | 0.01% | 50% |
| Southern Tier | 182 | 0.03% | 44% |
| Western New York | 490 | 0.04% | 30% |
| **Nan tout Eta a** | **6,661** | **0.03%** | **30%** |

Kapasite kabann pou Inite Swen Entansif (Intensive Care Unit, ICU) ak kantite moun ki ladan yo repati konsa:

| Rejyon | Total Kabann pou ICU nan Rejyon an | Total Kabann pou ICU ki Okipe nan Rejyon an | Pousantaj Kabann pou ICU ki Disponib nan Rejyon an (Mwayèn 7 jou) |
|---|---|---|---|
| Capital Region | 212 | 176 | 24% |
| Central New York | 275 | 211 | 29% |
| Finger Lakes | 397 | 274 | 31% |
| Long Island | 814 | 617 | 25% |
| Mid-Hudson | 713 | 422 | 42% |
| Mohawk Valley | 132 | 95 | 27% |
| New York City | 2,418 | 1,749 | 28% |
| North Country | 73 | 40 | 50% |
| Southern Tier | 125 | 77 | 37% |
| Western New York | 545 | 326 | 42% |

| TOTAL NYS | 5,704 | 3,987 | 31% |
|---|---|---|---|

Yè, 164,868 rezilta tès yo te rapòte bay Eta New York, epi 5.89 pousan te pozitif. Pousantaj rezilta tès pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

| REJYON | SAMDI | DIMANCH | LENDI |
|---|---|---|---|
| Capital Region | 6.89% | 6.92% | 6.98% |
| Central New York | 6.70% | 6.64% | 6.58% |
| Finger Lakes | 8.34% | 8.28% | 8.39% |
| Long Island | 6.30% | 6.39% | 6.51% |
| Mid-Hudson | 6.36% | 6.25% | 6.29% |
| Mohawk Valley | 8.18% | 8.46% | 8.54% |
| New York City | 4.24% | 4.28% | 4.31% |
| North Country | 4.99% | 5.10% | 5.23% |
| Southern Tier | 2.49% | 2.39% | 2.48% |
| Western New York | 6.37% | 6.42% | 6.49% |
| **Statewide** | **5.38%** | **5.39%** | **5.46%** |

Pousantaj rezilta tès pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

| MINISIPALITE | SAMDI | DIMANCH | LENDI |
|---|---|---|---|
| Bronx | 4.92% | 5.01% | 5.03% |
| Brooklyn | 4.36% | 4.43% | 4.45% |
| Manhattan | 2.72% | 2.75% | 2.75% |
| Queens | 4.82% | 4.83% | 4.94% |
| Staten Island | 5.38% | 5.44% | 5.54% |

Nan total 866,765 moun ki te teste pozitif pou viris la, zòn jewografik yo repati konsa:

| Konte | Total Pozitif | Nouvo Pozitif |
|---|---|---|
| Albany | 9,586 | 209 |
| Allegany | 1,607 | 31 |
| Broome | 7,144 | 61 |
| Cattaraugus | 2,108 | 53 |
| Cayuga | 2,164 | 46 |
| Chautauqua | 2,870 | 47 |
| Chemung | 4,136 | 30 |
| Chenango | 996 | 8 |
| Clinton | 818 | 14 |
| Columbia | 1,402 | 27 |

| | | |
|---|---|---|
| Cortland | 1,768 | 23 |
| Delaware | 596 | 6 |
| Dutchess | 10,620 | 215 |
| Erie | 37,214 | 426 |
| Essex | 453 | 10 |
| Franklin | 609 | 18 |
| Fulton | 1,100 | 44 |
| Genesee | 2,145 | 65 |
| Greene | 1,016 | 17 |
| Hamilton | 87 | 2 |
| Herkimer | 1,541 | 46 |
| Jefferson | 1,379 | 35 |
| Lewis | 684 | 11 |
| Livingston | 1,483 | 51 |
| Madison | 1,912 | 15 |
| Monroe | 28,762 | 443 |
| Montgomery | 1,031 | 58 |
| Nassau | 77,968 | 880 |
| Niagara | 7,137 | 165 |
| NYC | 387,267 | 3,456 |
| Oneida | 9,738 | 167 |
| Onondaga | 18,081 | 221 |
| Ontario | 2,613 | 45 |
| Orange | 21,327 | 179 |
| Orleans | 1,096 | 15 |
| Oswego | 2,872 | 45 |
| Otsego | 1,036 | 20 |
| Putnam | 4,231 | 63 |
| Rensselaer | 3,332 | 106 |
| Rockland | 25,579 | 166 |
| Saratoga | 4,316 | 137 |
| Schenectady | 4,695 | 117 |
| Schoharie | 438 | 12 |
| Schuyler | 449 | 4 |
| Seneca | 619 | 12 |
| St. Lawrence | 1,657 | 44 |
| Steuben | 2,870 | 45 |
| Suffolk | 84,146 | 1,034 |
| Sullivan | 2,741 | 27 |
| Tioga | 1,486 | 6 |
| Tompkins | 1,816 | 18 |
| Ulster | 5,001 | 75 |

| | | |
|---|---|---|
| Warren | 878 | 35 |
| Washington | 671 | 20 |
| Wayne | 2,047 | 29 |
| Westchester | 63,909 | 536 |
| Wyoming | 1,108 | 20 |
| Yates | 410 | 6 |

Yè, te gen 139 Nouyokè ki mouri akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 28,850. Zòn jewografik yo repati konsa, dapre konte rezidans:

| **Moun ki mouri yo dapre Konte rezidans** | |
|---|---|
| **Konte** | **Nouvo moun ki mouri yo** |
| Albany | 1 |
| Allegany | 2 |
| Bronx | 3 |
| Broome | 4 |
| Chautauqua | 1 |
| Chemung | 4 |
| Clinton | 2 |
| Columbia | 1 |
| Cortland | 2 |
| Dutchess | 2 |
| Erie | 14 |
| Genesee | 2 |
| Kings | 6 |
| Madison | 2 |
| Manhattan | 3 |
| Monroe | 29 |
| Montgomery | 2 |
| Nassau | 6 |
| Niagara | 3 |
| Oneida | 2 |
| Onondaga | 8 |
| Orange | 2 |
| Orleans | 2 |
| Queens | 7 |
| Rensselaer | 1 |
| Richmond | 2 |
| Rockland | 2 |
| Schenectady | 1 |
| Seneca | 1 |

| | |
|---|---|
| St. Lawrence | 1 |
| Steuben | 2 |
| Suffolk | 12 |
| Ulster | 1 |
| Westchester | 6 |

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU